ósiwshi kaliforniya teregi qálemsheleri egildi. Búgingi kúnde bulardıń 80%ti túbir taslap boy kótermekte.

P.Palwaniyazov miynet súygish, ıqlaslı basshı bolıp jumıs alıp bardı. Ol filialdıń barlıq jumıslarında belsene qatnasıp keldi. Hárdayım ilimiy hám pedagogikalıq jumısları boyınsha óz ústinde isledi. Filialda professor-oqıtıwshılardıń sabaqlardı jańa pedagogikalıq texnologiyalar hám oqıtıwdıń interaktiv metodları tiykarında júdá qızıqlı etip ótiwin támiyinlew menen birge olarǵa ámeliy járdemler berip bardı.

Bunnan tısqarı ol muzıka hám teatr jáne onı rawajlandırıw boyınsha birneshshe ilimiy maqalaları hám konferenciyalarǵa qatnasıp keldi. Palwaniyazov Paxratdin Kudaybergenovich kásiplesleri arasında óziniń bilimi, ilimi, miynet súygishligi hám adamgershiligi menen abıray itibarǵa iye boldı. Ol jası úlkenge de jası kishige de birdey húrmet izzet etip, báqulla janashır dos bolıp júretuǵın edi. Onıń qaraqalpaq kórkem ónerin hár tárepleme rawajlandırıw boyınsha aldına qoyǵan maqsetleri kóp edi, biraq sum ájel onı erterek aramızdan alıp ketti. Endi onıń ármanların keleshek áwlad álbette ámelge asıradı. Qábiletli ilimpaz, talapshań basshı, janashır dostımız Paxratdinniń esteligi bizlerdiń yadımızda mańgilik saqlanadı.

**Ádebiyatlar**


1. Allanazarov T. Teatr hám dramaturgiya. Nókis, «Qaraqalpaqstan» 1982.
2. Bobaev T. Adabiyotshunoslik asoslari. Toshkent, «Ózbekiston» 2001.



**REZYUME.** Maqalada qaraqalpaq kórkem óneri tariyxında úlken orınǵa iye bolǵan belgili ilimpaz hám basshı dramaturg Palwaniyazov Paxratdin Kudaybergenovichtiń basıp ótken ómir jolı hám ilimiy jumısları haqqında keń túrde sóz etiledi. Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutınıń direktorı sıpatında onıń instituttıń qáliplesiw hám rawajlanıw jıllarındaǵı alıp barǵan tınımsız miynetleri haqqında sóz etiledi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлена подробная информация о жизненном пути и научных достижениях великого ученого и ведущего драматурга Палваниязова Пахратдина Худойбергеновича, занявшего важное место в истории каракалпакского искусства, будучи директором Государственного института искусства и культуры Узбекистана. говорится о его неустанном труде в годы становления института.

**SUMMARY.** The article provides detailed information about the life path and scientific achievements of the great scientist and leading playwright Palvaniyazov Pahratdin Khudoybergenovich, who occupied an important place in the history of Karakalpak art. It is about his tireless work as the director of the State Institute of Art and Culture of Uzbekistan during the development years of the institute.


## ТЕАТРҒА БАҒЫШЛАНҒАН ӨМИР


**Г.К.Рахманова** - *оқытыўшы*

*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы*



**Таянч сӯзлар:** театр, актёр, ампула, жанр.
**Ключевые слова:** театр, актер, ампула, жанр
**Key words:** theater, actor, ampoule, genre.


Рус актёры Михаил Семёнович Щепкин «Театр актёр ушын мешит. Бул оның муқаддес орны! Сениң өмириң, сениң атақ-абырайың бәршеси-бәршеси сениң сахнаға көрсеткен хызметиң менен өлшенеди. Сениң тәғдириң усы сахна менен байланыслы. Усы мешитти алды менен өзиң ҳүрмет ет, оннан кейин әтирапыңдағылардан да усыны талап ет, сахнаға қыянет етиў бул аўыр гүнә»-деген еди.

Ҳақыйқаттан актёрлық кәсип басқа кәсип ийелерине уқсамайды. Олардың тәғдири, атақ-абырайы да сахна менен өлшенеди. Тәбият инәм еткен илаҳий талант пенен мийнетти жәмлестирип халық алдында хызмет етеди. Бул мешит адамларға жақсылық нурларын шашады.

Қарақалпақ театрында усындай өмирин сахнаға бағышлаған, театрға садық хызмет еткен талант ийелери көплеп ушырасады. Олардың мийнет жоллары жаслар ушын ибрат мектеби. Сондай талантлы актёрлардың бири Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти, марҳум устаз Шамурат Өтемуратов болады. Ол кең диапазонға ийе, драмалық жанрларда да кушли психологиялық образлар жаратыў менен комедия жанрында да өлмес образлар дөретти.

Ол 1929-жылы жаз айларында Тахтакөпир районында Қосўақов Өтемурат ағаның

шаңарағында дүньяға келген. Өтемурат аға перзентиниң қулағына азан айттырып Шамурат деп ат қояды. Шамурат балалығынан шаққан, тил алғыш болып өседи. 9 жасқа толғанда әкеси қайтыс болып күн көриси қыйынласып жүрген күнлериниң биринде, Ўатандарлық урыс басланып халықтың турмыс жағдайы әбден төменлеседи. Усындай күнлердиң биринде анасы Матсапаева Раўшан менен бирге дайысының қолына көшип барады.

Дайысы сол аўылда белгили Матсапаев Минаж деген бақсы ҳәм шайыр жигит еди. Сол аўылдағы барлық бақсы-жыраўлар менен жақсы қатнаста болып, үйинде тез-тез көрисип қосық айтып бәзимлер шөлкемлестирилетуғын еди. Белгили қыссахан шайыр Аббаз Дабылов пенен де жақсы қатнасықта болады. Ол да Тахтакөпирге келсе дайысының үйине келип туратуғын болған. Шамуратқа дайысының үйиндеги орталық руўхый дүньясының өсиўине, әдебият пенен мәдениятты жақсы көриўине себепши болады. Дайысының дуўтарын қолына алып азлап шертип ҳәм дәп қағыўды үйрене баслайды. Көркем өнерге, музықаға болған ықласы усылайынша басланады.

Тахтакөпир далаларында дәп қағып, қосық айтып мал бағып жүрген кишкене бир бала, ўақыт өтип халқының сүйикли артистине айланады…

Орта мектепти питкерген Шамурат дайысының айтыўы менен Нөкис Аўыл-хожалығы техникумына тапсырады. Бирақ оның өзи аўыл-хожалығы тараўы бойынша кәсип таңлаўды қәлемес еди. 1951-жылы сол ўақыттағы А.Н.Островский атындағы Ташкент мәмлекетлик театр ҳәм сүўретшилик институтына қарақалпақ курсын ашыў ушын бир топар институт муғаллимлери қабыллаў комиссиясына келеди. Республикамыздың барлық район, қалаларынан талантлы жаслар оқыўға тапсырыў ушын келе баслайды. Сол талантлы жаслар қатары Шамурат аға да тапсырып көреди. Шамурат аға қабыллаў имтиханында халық ишинде айтылып жүретуғын сатиралық қосықты айтып, секирип ойынға түсип бергенинде келген комиссиялар ишеклери үзилгенше күлип, характерли актёр шығады деп исенген.

1955-жылы институтты 9 бала питкерип келип театрда жумыс баслайды. Бул ўақытта театр жас қәнигели актёрларға зәрур еди. 1939-жылы Москва Луначарский атындағы театр көркем өнери институтының қарақалпақ студиясын питкерип келген жаслардан кейин қарақалпақ театрына келип атырған екинши топар профессионал қәнигели актёрлар болды. Олардың ишинде З.Пиязов, А. Жугинисов, А.Абдалиев, А.Жузимбетов, Б.Турсынов, А.Хожаназаров, Б.Қурбанов сыяқлы көркем өнер пидайылары театрда жумыс баслайды.

Ш.Өтемуратов театрға келиўден ақ спектакллердеги қаҳарман образларды жаратып кетти деп айталмаймыз. Оның тәбийий көринисиниң өзи комик ампулада болғанлықтан, режиссёрлар баслы роллерди бере бермеди.

1956-жылы режиссёр Төреш Алланазаров драматург Ж.Аймурзаевтың «Раўшан» музыкалы драмасын сахналастырып, Саттар ролин Шамурат Өтемуратовқа тапсырады. Саттар роли актёрдың театрдағы дебют роли болып оның келешегин анықлап береди. Буннан кейинги үлкен роллериниң бири Ж.Аймурзаевтың «Бердақ» спектаклиндеги Қутым суўпы роли болды. Қутым суўпы сумлықлы, күлкили характердеги образ еди. Тамашагөйлер ҳәз етип тамашалап жас актёрға табыслар тиледи. Буннан кейинде дөретиўшилик жолында усындай характерге ийе көплеген образлар жаратты. Олардан С.Хожаниязовтың «Сүймегенге сүйкенбе» комедиясындағы Шыраз молла, А.Бегимов, Т.Алланазаровлардың «Ғәрип ашық» музыкалы драмасындағы Молла роллери актёрды халыққа танытты.

1957-жылы Ташкент қаласында Қарақалпақстан әдебияты ҳәм мәденияты ҳәптелиги өткерилиўи керек еди. Сонда Шамурат ағаның аяқ ойынға болған қәбилетин көрип, аяқ ойыншы етип алады ҳәм бир неше ойынларда қатнасады.

Өткен әсирдиң 60-70-жыллары радиода «Тикенек» сатиралық журналы, телевидениеде телеминиатюралар журналы жумыс баслайды. Усы журналлардың дәслепки қатнасыўшылары Жақсымбай Бекмуратов, Шамурат Өтемуратовлар еди. Жақсымбай десе Шамуратты, Шамурат десе Жақсымбайды көз алдына келтирип бир-биринен айырып айтпас еди. Комедия жанрында еки ири тулға болып бири-бирин толтырып турды. Күтилмегенде, Жақсымбай Бекмуратов 1975-жылы 40 жасында қайтыс болып қалады, бул қайғылы ўақыя бәринен де бетер Шамурат ағаға аўыр тәсир етти.

1975-жылы режиссёр Қуўатбай Абдиреймов драматург Кеңесбай Рахмановтың «Келин» комедиясындағы Дарымбет ролин тапсырады. Спектакльдиң сәтли шығыўында Дарымбет ролиндеги Шамурат Өтемуратовтың орны үлкен болды. Әпиўайы аўыл турмысынан алынған ўақыя, кемпир-ғарры баласын үйлендириў ушын таныс билислерден қыз излейди. Баласы болса, Ташкентте бирге оқыған қызы Айшаханды алып келеди. Пьесада күтилмеген ўақыялар, кемпир-ғаррының садалығы күлки туўдырады. «Келин» комедиясы сол келетин келин менен

байланыслы болғаны менен пьесадағы бас қаҳарман Дарымбет. Шамурат Өтемуратовтың дөретиўшилигиндеги ең әҳмийетли роллериниң бири болып қалады.

1977-жылы усы автордың екинши дуья жүзилик урыс темасына бағышланған «Жаралы жүреклер» трагедиясы сахналастырылды. Пьесада Сапар ата менен Зернегул шешениң еки улы бирден урыста қаза табады. Келини болса қашқын Бодық тәрепинен өлтирилип кетеди. Бир шаңарақ усылайынша изсиз кетеди. Усы спектакльде Сапар ата ролин Шамурат Өтемуратов атқарады. Режиссёр Нажиматдин Ансатбаев усы ролди атқарып шығыўына исеним билдиреди. Комедия ампуласындағы актёр, трагедияда күшли драмалық образ дөретти. Режиссёрдың исенимин ақлады. Өзи сахнада турып жылады, тамашагөйлер де қосылып жылады. 1980-жылы Өзбекстан театрларының урыс темасына арналған фестивалы өткерилгенде «Жаралы жүреклер» спектакли биринши орынды алды. Сапар ата ролиндеги Шамурат Өтемуратов «Ең жақсы ерлер роли» номинациясы жеңимпазы болды.

Көп қырлы актёр излениўлери даўам етти. 1993-жыллары театрда байрамлар мүнәсибети менен «Саўға» театрластырылған байрам тамашалары сахналастырылғанда, 70 ке шамаласып қалған актёр атамыз ойын ойнап қосық айтып ҳәммени таң қалдырады.
Сондай-ақ, «Қарақалпақфильм» студиясында түсирилген «Танк» фильминдеги бас қаҳарман роли менен әжайып кино актёр сыпатында даңқын пүткил Өзбекстанға танытты. Өмири даўамында 70 тен аслам спектаклде роллер ойнады. Барлық жанрларда, ҳәр қыйлы характердеги инсанлардың образларын ашып бере алды. «Скапенниң ҳийлеси»инде Скапен (Ж.Б.Мольер), «Раўшан»да Саттар, «Бердақ»та Қутым суўпы (Ж.Аймурзаев), «Ғәрип ашық»та Молла (А.Бегимов, Т.Алланазаров), «Сүймегенге сүйкенбе»де Шыраз молла (С.Хожаниязов), «Келин»де Дарымбет, «Жаралы жүреклер»де Сапар ата (К.Рахманов), «Өжет»те Матирза (О.Әбдирахманов), «Әзирейлини алдаған адам»да Әльмендер (Т.Минуллин), «Аты өшсин»де Тессаферин (Г.Горин) қусаған образларын айрықша атап өтиў орынлы.

Шамурат Өтемуратов өмирлик жолдасы Уббиниязова Орынгул менен бирге турмыста сегиз перзентти тәрбиялап камалға келтиреди. олар ата жолын қуўмаған менен ҳәр бири Республикамыздың ҳәр қыйлы тараўларында хызмет етип келмекте.

2019-жылы театрда өткерилген Ш.Өтемуратовтың 90 жыллық юбилей кешесинде бирге оқыған курслас досты, марҳум Қарақалпақстанға мийнети сиңген мәденият хызметкери Аманияз Жүзимбетов еске түсириўинде оның жақсы актёр болыў менен үлкен адамгершилик пазыйлетке ийе болғанын, оқыған басқа балаларға қарағанда уқыплылығын ҳәм шаққанлығын, ислеген ис ҳәрекетлери менен ҳәммени кулдирип жургенлигин де айтып берип еди. Сол айтқандай Шамурат Өтемуратов талантлы актёр болыў менен бирге өмири жақсылықларға толы инсан болып өтти.

Оның қарақалпақ театр көркем өнериниң раўажланыўына қосқан үлеслери өз ўақтында баҳаланып барды. 1957-жылы Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен артист, 1963-жылы Қарақалпақстан халық артисти, 1977-жылы Өзбекстан халық артисти ҳүрметли атақлары берилди. 1986-жылы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты болды. Бир неше мәртебе Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды.

Театрға пүткил саналы өмирин бағышлаған жаслардың әдиўли устазы, комик ампуладағы актёр, өзи күлип, басқаларды да күлдирип, күлки арқалы өмир тәшўишлерин умыттырған актёр Шамурат Өтемуратов, келешек әўлад ушын ибрат мектебин жаратып кетти.

**Әдебиятлар**


1. Т.Алланазаров «Каракалпакский театр». Издательство «ФАН», Ташкент 1966.
2. Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыкалы театрына 90 жыл. Нөкис «Билим» 2017.
3. Ж.Базарбаев «Рухыятымыз маржанлары». Нөкис «Билим» 2008.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолалда Ўзбекистон ва Қорақалпоғистон халқ артисти, Бердақ номидаги давлат мукофати совриндори Шамурат Утемуратов ижро этган роллари ва ижодий ҳаёти ҳақида сўз этилади.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассказывается о роли и творческой жизни Шамурата Утемуратова, народного артиста Узбекистана и Каракалпакстана, лауреата государственной премии имени Бердака.

**SUMMARY.** This article talks about the roles and creative life of Shamurat Utemuratov, People's Artist of Uzbekistan and Karakalpakstan, laureate of the state award named after Berdak.